# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–20 जून 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अपने सरकारी आवास पर जनता दरसन कार्यक्रम में प्रदेस के कई जिलन से पहुंचल लोगिन क समेस्या सुनलें। श्री योगी हर पीड़ितन से मिलि के उनकर समेस्या के सुनलें अउर सम्बन्धित अधिकारियन के समय–सीमा के अन्दर समाधान क निरदेस दिहलें।

उहां के अधिकारियन से कहलीं कि पीड़ितन के समय सीमा के भित्तरे न्याय मिले। कउनों स्तर पर कोताही बरदास्त नाहीं कइल जाई। जनता दरसन में पुलिस के प्रताड़ना से जुड़ल सिकाइतिनि के मुख्यमंत्री गम्भीरता से लिहलें। उहां के कहलीं कि पीड़ितन के प्रति पुलिस संवेदनसील रहे अउर स्थानीये स्तर पर सुनवाई सुनिस्चित होत रहे। ओहीं, इलाज बदे आरथिक सहायता क प्रार्थना पत्रो आइल, जेह पर मुख्यमंत्री कार्रवाई कइ के मरीजन के आरथिक सहायता उपलब्ध करवले क निरदेस दिहलें। जमीनि कब्जियवले क सिकाइति के ले के आइल पीड़ितनो के श्री योगी भरोसा दिहलें कि कतहूं अइसन नाहीं होखे दीहल जाई। उहां के अधिकारियन से कहलीं कि जमीनि कबजा के सिकाइति पर कड़ाई करत येह पर अंकुस लगावल जाई। ओहीं, नौजवानो आपन समेस्या से मुख्यमंत्री के अवगत करवलें, जेह पर उहां के उन्हें जुरते निस्तारण कइल गइले क भरोसा दिहलीं।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु एगो उच्चस्तरीय बइठकी में प्रदेस के हर परिवार ईकाई के जारी कइल जा रहल परिवार आईडी प्रक्रिया के अब तक के स्थिति क समीक्षा कइलें अउर येह महत्वपूर्ण योजना क लाभ सज्जो परिवारन के उपलब्ध करावल गइले के सम्बन्ध में दिसा–निरदेस दिहलें। उहां के कहलीं कि हर परिवार के सरकार के योजना क लाभ उपलब्ध करवले अउर हर परिवार के कम से कम एक सदस्य के रोजिगार–सेवायोजन से जोड़ल के संकल्प के क्रम में प्रदेस में परिवार आईडी जारी कइल जा रहल हौ। येह समय उत्तर प्रदेस में रहि रहल करीब तीनि करोड़ साठि लाख परिवारन क पनरह करोड़ सात लाख लोगि राष्ट्रीय खाद्य सुरक्षा योजना क लाभ पा रहल हवें। येह परिवारन क रासन कार्ड संख्यवें परिवार आईडी हौ, जबकि एक लाख से बेसी गैर रासन कार्डधारकन क परिवार आईडी जारी कइल जा चुकल हौ। अइसन परिवार जवन कि रासन कार्डधारक नाहीं हवें, उनके बदे familyid.up.gov.in पर पंजीकरण कइ के परिवार आईडी पवले क इंतिजाम हौ। श्री योगी कहलें कि येह योजना क ढेरि से ढेरि परचार–परसार कइल जाए। प्रदेस क कउनों परिवार एहसे बंचित न रहे।

उहां के कहलीं कि एक परिवार, एक पहचान योजना में हर परिवार के एगो बिसिस्ट पहिचान जारी कइल जा रहल हौ, जेहसे राज्य के परिवार इकाइयन क एगो व्यापक डाटाबेस स्थापित होई। ई डाटाबेस लाभारथीपरक योजना क बेहतर प्रबंधन, समयबद्ध लक्ष्यीकरण, पारदरसी संचालन अउर योजना क सौ फीसदी लाभ पात्र मनइनि ले पहुंचवले अउर आम लोगिन के सरकारी सुविधा क लाभ उपलब्ध करवले के व्यवस्था के सरल बनवले में सहायक होई। केन्द्र अउर राज्य सरकार के ओरि से चलावल जा रहल योजना, सेवा के फैमिली आईडी से लिंक कइल जा चुकल हौ।

**********

अन्तर्राष्ट्रीय योग दिवस के ले के बिहने आयोजित होखे वाला कार्यक्रमन क तइयारी पूरा कइ लिहल गइल हौ। सज्जो सरकारी विभागन, विश्वविद्यालय अउर स्कूल–कॉलेज के अलावा निजी संस्थाननो के ओरि से योगाभ्यास क कार्यक्रम आयोजित कइल गइल हौ। अलगि–अलगि जिलन में केन्द्रीय अउर राज्य मंत्री प्रमुख कार्यक्रमन में हिस्सा लीहें। मथुरा में बिहने भिन्नहीं छौ बजे भारतीय सैनिकन क स्ट्राइक कोर–वन में योग कार्यक्रम होई, जेहमें रक्षामंत्री राजनाथ सिंह सामिल होइहें। बनारस में नगर विकास मंत्री अरविंद कुमार शर्मा, कौशाम्बी में कारागार राज्य मंत्री सुरेश राही अउर उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य, बरेली में राज्य मंत्री अरूण कुमार सक्सेना, चित्रकूट में धर्मेन्द्र प्रजापति आ गोरखपुर में संसदीय कार्यमंत्री सुरेश खन्ना कार्यक्रम क अध्यक्षता करिहें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अन्तर्राष्ट्रीय योग दिवस के मौका पर पूरा प्रदेस में बिहने भव्य आयोजन क निरदेस दिहले हवें।

**********

प्रदेस सरकार बरिस दुइ हजार सत्ताइस ले उत्तर प्रदेस के मलेरिया मुक्त कइले क संकल्प लिहले हौ। सरकार के ओरि से मलेरिया क हर केस क जांचि अउर हर मरीज के पुरहर इलाज पर जोर दीहल जा रहल हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ क मंसा के अनुरूप राष्ट्रीय वेक्टर जनित रोग नियंत्रण कार्यक्रम में जून के मलेरियारोधी माह के तौर पर मनावल जा रहल हौ। प्रदेस में येह सालि अबले सात सौ एकहत्तर मलेरिया क मरीज मिलल हवें। राज्य मलेरिया अधिकारी विकास सिंघल बतवलें कि मलेरिया मामिलन क रिपोर्टिंग अउर पुरहर इलाज सुनिस्चित कइले पर जियादा धियान दीहल जा रहल हौ। वास्तव में ई सुनिस्चित करे बदे हर मामिला क जांचि अउर पूरा इलाज कइल जाला। सज्जो जिला मलेरिया अधिकारियन, सम्बन्धित करमचारियन अउर पहिला पांति क कार्यकरता लोगिन के ट्रेनिंग दीहल गइल हौ अउर सज्जो जिला में मलेरिया क जांचि बदे रैपिड डायग्नोस्टिक टेस्ट किट उपलब्ध करावल गइल हौ।

**********